

Bonjou, e byenvini nan premye diskou sou *Eta Konte Miami-Dade* ki fèt vityèl totalman!

Mwen vle remèsyé Prezidan Pepe Diaz pou entwodiksyon chalere li a, Vis-Prezidan Oliver Gilbert pou bél envokasyon sa a, Komisyonè Joe Martinez dèsk li pataje Joana pitit fi li ki plen ak talan avèk nou, ak tout Konsèy Komisyonè Konte a pou patenarya yo pandan nou ap naviye nan tan san parèy sa yo.

Remèsiman a nou tout ki branche. Mwen rekonesan anvè ou menm ak tout moun nan gran Konte sa a ki te fè mwen konfyans pou dirije nou. Mwen va onore konfyans sa a lè m ap sèvi ou avèk onètete, transparans, detèminasyon enplakab, ak yon lespri kolaborasyon.

Y gracias a todos ustedes por unirse hoy. Mwen Rekonesan pou ou menm ak tout moun nan Miami Dade Konte

Les agradezco a todos los residentes del condado de Miami-Dade que confiaron en mi para esta labor. Honraré esa confianza sirviendo con honestidad, transparencia, determinación y un espíritu de colaboración.

Rasanbleman vityèl sa a souliye reyalite ke kominote nou an ak kominote toupatou kontinye goumen kont yon pandemi mondyal, ki te mete fen a tèlman bagay nan lavi nou ke nou te konsidere kòm nòmal.

Pandan ke viris la te separe nou, li te mete nou travay ansanm tou nan objektif komén pou pwoteje youn lòt.

Sa se Miami-Dade mwen konnen an. Istwa nou se yon istwa rezilyans; pandan tout istwa nou, pa gen okenn moman kriz ki te janm pwouve twò gran. Nou se yon pèp ki te toujou akonpli gwo bagay anba presyon.

Mwen konnen chapit SA A pap diferan. Lè nou travay kòm yon kominote ini, nou KAPAB epi nou VA kite dèyè sezón pèt sa a epi mete baz pou yon avni ki pi briyan ak pi bon pou tout moun ki rele Konte Miami-Dade lakay yo.

Nou KA atake moman sa a pa sèlman kòm yon kriz, men kòm yon opòtinite pou rebati ke moun rankontre yon sèl fwa nan yon vi. Epi nou VA rebati pi solid pase tout tan anvan lè nou envesti nan EKITE, EKONOMI nou, ANVIWÒNMAN nou, ak ANGAJMAN renouvle avèk rezidan nou ap sèvi yo.

Pandan dènye ane a nou pèdi prèske 5,000 manm nan kominote nou an, ak plis pase 400,000 moun nan tout nasyon an, akoz koronavirus - granparan, timoun, zanmi, moun nou renmen yo.

Tanpri, obsève yon moman silans avèk mwen pou tout moun nou renmen yo ki pèdi ane sa a.

Pa gen yon sèl moun ki ap koute ki pat fè sakrifis pandan dènye ane a.

Mari mwen avèk mwen te pran viris la, e nou refè. Nou gen anpil chans. Men, nou pa t 'kapab anbrase oswa bo pwòp pwòp pitit pitit nou yo pou prèske yon ane, Sa te ekstrèmman difisil, yon lit mwen konnen ke anpil lòt moun pataje.

Nan moman difisil sa a, nou te wè tou kominote nou an te fè fas a moman sa a avèk yon fòs ekstraòdinè ak yon gran jenewozite.

Premye sekouris nou yo ak travayè sante ki devan nan konba a kontinye pran swen lòt moun malgre risk sa poze pou pwòp fanmi yo.

Pwofesè enfatigab nou yo te adapte yo epi aprann nouvo konpetans pou kontinye edike timoun ak jèn nou yo.

Travayè esansyèl takou anplwaye nan depatman tankou Transpò, Dlo ak Egou ak Ayewopò kontinye bay sèvis ak kenbe ekonomi nou an atravè pandemi sa a. Nou dwe tout moun yon dèt rekonesans e nou dwe ba ou pwoteksyon ke ou bezwen epi ke w merite.

Ti biznis, espesyalman restoran ak otèl, vini avèk nouvo mezi ak teknoloji. Ou te kenbe plizyè milye moun ap travay pandan w te kenbe kominote nou an sekirite.

Epi prèske 30,000 fonksyonè publik Konte a te pran nouvo wòl yo avèk gras ak bon kè pandan yo ap adapte yo a yon nouvo nòmal nan pwòp vi yo.

Y los casi 30,000 servidores públicos de la fuerza laboral del condado de Miami-Dade asumieron nuevos roles, innovaron y demostraron una enorme capacidad de recuperación, a una nueva normalidad incluso en sus propias vidas.

Ou te kenbe gouvènman konte a fò pandan w ap bati pwogram antyèman nouvo - tankou sèvis livrezon repa granmoun aje nou yo. Mèsi a lidèchip ak travay rapid Direktè Pwovizwa CAHSD Annika Holder, Chèf Ponpye Miami-Dade Alan Cominsky, ak anpil patnè nan kominote a, pwogram sa a kounye a sèvi prèske 50,000 granmoun aje chak semèn e li te bay prèske 20 milyon repa.

Direktè Bibliyotèk Piblik Konte Miami-Dade la, Ray Baker ak ekip li re-imajine fonksyon yon sistèm bibliyotèk la, adapte yo pou satisfè bezwen kominote nou yo ki ap chanje epi fè bibliyotèk yo tounen yon liy lavi. Bibliyotèk nou yo distribye plis

pase 120,000 aplikasyon pou benefis chomaj, epi yo te ede timoun nou yo adapte yo ak aprantisaj sou entènèt nan bay plis pase 20,000 sesyon leson patikilye vityèl gratis.

Manm ekip Konte yo te travay andeyò deskripsyon travay yo - tankou Direktè Sèvis Animal yo, Alex Munoz ki te sèvi kòm pèsòn referans nan ekip SURGE Konte nou an, distribye twous sekirite COVID nan katye ki afekte anpil yo.

Kosèy Komisyonè Konte nou an te kreye nouveau pwogram pou distribye prèske yon milya dola finansman Lwa CARES Act federal la pou bay ekonomi nou an jarèt epi bay soulajman.

An total, nou te afekte \$108 milyon dola a vil nou yo atravè Miami-Dade pou distribisyon manje chak semèn ak lòt pwogram sekou.

Tout lidè Konte nou yo ak ekip yo te travay yon nouveau fason pou sèvi ak pwoteje rezidan nou yo pandan kriz sa a, e mwen espere mete aksan sou kèk nan anpil kontribisyon sa yo jodi a.

---

Depi premye jou a nan travay sa, plis pase 2 mwa, mwen te fè pwoteje lavi ak mwayen sibzistans rezidan nou yo kòm pi gwo priyorite mwen.

Y desde el primer día, proteger la vida y el sustento de nuestros residentes es mi prioridad.

Premye aksyon mwen kòm Majistra se te nonmen premye Chèf Ofisyè Medikal la, Doktè Peter Paige nan Jackson Health System, ki te travay akote mwen pandan de (2) dènye mwa yo pou ede prepare yon repons sante piblik ak rekiperasyon ekonomik ki chita sou done .

Kounye a, vaksen rive, e avèk li gen opòtinite pou nou finalman mete pandemi sa a dèyè do nou.

Depi premye moun lan te pran vaksen an nan Miami-Dade, Biwo Jesyon Dijans, ke Direktè Frank Rollason ap dirije, ap travay pou mete sou pye yon operasyon vaksinasyon nan tout konte a. Nou administre ansanm plis pase 20,000 vaksen chak semèn, epi nou ap prepare pou miltipliye yo plizyè fwa lè nou resevwa ekipman yo.

Nou kontinye mande eta a ak gouvènman federal nou an plis vaksen ak tout ekipman popilasyon nou an dezespereman bezwen.

Nou pare pou bay moun vaksen: Nou sèlman bezwen vaksen an.

Epi pandan ke nou te rapidman mete sistèm an plas pou distribye vaksen EFIGASMAN epi SAN DANJE, nou dwe asire tou ke yo ap distribiye yon fason EKITAB pou pwoteje tout kominote nou yo epi avanse ansanm.

**Se pou sa administrasyon mwen an ap mete sou pye byento yon nouvo pwoesisis enskripsyon santralize pou distribisyon vaksen an. Platfòm sa a - ki va aksesib sou entènèt ak telefòn - va pèmèt tout granmoun aje ki gen 65 ane oswa plis enskri yon sèl fwa- li pa nesesè pou aplike ankò - pou resevwa yon vaksen, epi li va pèmèt nou alwe vaksen osi vit ke nou resevwa nouvo ekipman.**

Kòm rezulta, aksè ou a òdinatè oswa zipkòd kote w ap viv la pa ta dwe detèmine a ki vitès ou ap resevwa vaksen an.

Se pou sa nou ap fè patenarya tou avèk òganizasyon san bi likratif, òganizasyon kominotè ak òganizasyon reliye, pou fè vaksen yo rive jwenn moun ki pi difisil pou jwenn.

Depi Desanm, nou te distribye vaksen dirèkteman bay granmoun aje ki vilnerab nan lojman publik ak moun ki anba swen konte a.

Nou te travay pou kraze baryè konfyans ak kredibilite avèk vaksen an lè nou envesti nan yon kanpay mesaj, pou rive dirèkteman nan kominote defavorize yo, pou koute, reponn kesyon, epi chèche edike ak enfòme.

Nou bezwen tout granmoun aje nou yo, ak tout moun ki pi vilnerab fas a maladi sa a, pou pataje nan yon nouvo libète ak espwa ke vaksen an pote. Nou espere ke nou ka remete ekonomik nou an sou 2 pye l.

Sa pap fèt bridzoukou. Men, mwen pran angajman pou dirije kominote nou an nan chapit sa a final enpòtan pandemi sa a. NOU KAPAB pwoteje kominote nou an ak vaksen sa a ki ka sove lavi e nou va avanse ansanm!

---

Pandan n ap gade lavni, bati yon Miami-Dade ki pi rezilyan vle di non sèlman pou reziste anba kriz sa a, men tou pou li remete fondasyon yo pou nou ka rebati pi byen.

Nou ap travay ansanm pou gen laviktwa sou defi tankou nou pat janm te fè fas a anvan, sa ban nou chans pou re-imagine yon avni ki pi an sekirite, pi jis, ak pi pwospè.

Nou pa ka jis retounen nan jan nou te ye anvan an: Nou KAPAB epi nou VA kreye yon Miami-Dade ki pi rezilyan ak kat pwen sa yo:

- **Yon angajman pou EKITE**
- **yon gwo konsantrasyon sou dinamize EKONOMI nou an**
- **envestisman kle nan ANVIWÒNMAN nou an**
- **ak pi gwo ANGAJMAN avèk opinyon moun nou ap sèvi yo.**

Kijan nou va amelyore kalite lavi rezidan nou yo epi asire ke chak pati nan kominate nou an pwospere:

- Nou va demoute baryè yo pou opòtinite ak kòlte avèk enjistis sosyal;
- Nou va envesti nan ti biznis ak atake kesyon mache abòdab ak mobilite;
- Nou va pwoteje dlo pwòp nou yo epi pwoteje kominate nou an kont ogmantasyon nivo lanmè;
- Epi nou va angaje dirèkteman ak kominate a pou pote nouvo lide nan desizyon nou ap pran e bay yon gouvènman ki gen plis konpasyon, ki konekte ak tout moun.

---

Tout kòmanse lè nou mete aksè ak opòtinite nan zantray travay nou fè kòm yon gouvènman.

Kreye opòtinite pou tout fanmi nou yo, se sa mwen fè tout lavi m kòm yon travayè sosyal, avoka enterèiblik, ak sèvitèiblik.

Crear oportunidades para todas nuestras familias ha sido el trabajo de mi vida.

Depi lè mwen te pran fonksyon de mwa de sa, mwen te pran aksyon imedyat pou fè prensip sa yo gwo pilye nan nouvo administrasyon mwen an epi mwen te reyini yon ekip pou pran swen chanjman sa a.

Mwen nonmen yon nouvo Konseye Prensipal pou Inovasyon ak Pèfòmans pou travay atravè depatman yo ak pote inovasyon nan tout fonksyon yo nan gouvènman Konte a, pran kontak dirèkteman ak biblik la pou pote nouvo lide bay gouvènman an, epi ede nou mezire pwogrè ak pèfòmans inisyativ sa yo.

Mwen kreye tou premye *Biwo Ekite ak Enklizyon* Miami-Dade pou atake disparaite nan kontra yo bay biznis ki pou minorite yo epi etabli direktiv pou ekite nan zafè bidjè, anbochaj, ak akizisyon.

Anba lidèchip novo Chèf Ofisyè Sekirite Piblik nou an JD Patterson ak premye Chèf Ofisyè Sèvis Kominotè Morris Copeland, nou ap pran yon apwòch konplè novo nan bati kominate ki pi fò nan prevansyon vyolans, entèvansyon bonè, ak pwogram re-ensèsyon. Chèf Copeland, ki te déjà ede konstwi sèvis jivenil Miami-Dade nan yon modèl ke yo nasyonalman rekonèt, ap dirije travay la pou asire ke kominate nou an pa gen "okenn move pòt" - sa vle di kèlkeswa pwen ou antre nan sèvis Konte a, ou ka fasilman gen aksè a yon sèvis konplè ak pwogram anrichisan.

Nou dwe asire tou ke katye nou yo an sekirite pou TOUT timoun nou yo. Biwo mwen an ap travay men nan men ak otorite ki la pou fè respekte lalwa, Konsèy Komisyonè yo Konsèy Relasyon Kominotè, defansè ak ekspè yo pou aplike yon apwòch sante piblik konplè pou diminye vyolans ki fèt ak zam, pandan nou ap envesti nan pwogram pou plis patisipasyon ak kreye chemen pou jèn a risk nou yo.

Epi kòm mwen se manman yon pitit fi ki se madivinèz, mwen pran angajman pou kolabore ak òganizasyon LGBTQ nou yo ki ap batay pou egalite ak jistis, epi nou va travay ansanm nan derasinen entimidasyon jèn. Efò sa a pi enpòtan pase tout tan pandan nou ap travay pou asire ke chak rezidan, kèlkeswa moun yo renmen, trete egalman e san patipri.

Kominote ki pi an sekirite epi ki pi jis depann de konstriksyon pi gwo konfyans ant rezidan nou yo ak otorite ki la pou fè respekte lalwa.

Direktè Polis Miami-Dade la, Freddy Ramirez, te déjà fè gwo pa pou mete lapolis kominotè an premye epi asire ke MDPD nan tèt meyè pratik nasyonal yo. Mwen te mande Chèf Patterson travay kole kole avèk li ak Direktè Koreksyon nou an Daniel Junior pou kontinye pote inovasyon pozitif pami moun ki la pou fè respekte lalwa ak ankouraje responsabilite ak transparans nan Komite Sivil Endepandan an.

Depatman Koreksyon anba Direktè Junior avèk elaji avèk siksè *Pwogram Vizit sou Videyo* yo pou pèmèt dwa vizit pou prizonye yo ak avoka yo.

An kolaborasyon avèk òganizasyon de baz yo, Divizyon Sèvis Jivenil ki ranpòte gran pri nou anba Direktè Cathy Burgos bay sipò enpòtan pou fanmi yo pandan pandemi an tankou resous an sante mantal.

Nan inovasyon pou ede moun ki pi vilnerab yo, nou ap fè efò pou ekite.

Se sa Egzaminatè Medikal la, Doktè Lew ak ekip li te fè lè yo te itilize nouvo teknoloji pou idantifye dwòg ki enfiltre nan kominote nou an. Done yo pwodui sou lanmò ki gen rapò ak opioid ap ede sove lavi moun.

Miami-Dade's Homeless Trust anba Direktè Victoria Mallette te administre plis pase 12,000 tès PCR bay moun ki nan chèltè ak sanzabri e li te kreye nouvo sit chèltè, ki gen ladan yon sit dedye a granmoun aje ki sanzabri ki pa kapab pran karantèn san danje.

Men, ekite se pa sèlman yon lis inisyativ ki gen fen. Se yon apwòch soutni nan gouvènans. Epi li dwe se efò tou tyon ekip. Se pou sa mwen mande kolaborasyon ou ak opinyon w. Pou anplwaye konte nou yo, si ou gen yon lide sou fason pou fè travay ou, depatman ou, oswa nenpòt pati nan gouvènman konte nou an pi ekitab pou rezidan yo nan Konte Miami-Dade, tanpri vini ak lide sa yo. Mwen mande moun ki ap fè biznis ak konte a ak rezidan nou yo pou fè menm bagay la tou: Travay avèk mwen pou bati yon kominote ki pi ekitab ak jis. Nou KAPAB. Epi NAP RIVE!

---

Kòm pou Ekonomi nou an, nou bezwen yo kreye yon kad travay kounye a pou ekonomi nou an retabli ak repran jarèt, san kite pèsonn dèyè.

Nou deja envesti prèske \$70 milyon nan fon Lwa CARES federal la pou soulajman ti biznis ki te ede anpil nan konble diferans la pandan peryòd bès sa a.

Anba lidèchip Direktè Tara Smith, Depatman Sèvis Entèn te jwenn fason kreyatif pou mete dola sa yo nan travay, takou distribye Bwat *Retounen nan Biznis* nan plis pase 700 ti biznis pou ede yo relouvre san danje.

Kounye a se moman pou double ak triple ensistans sou envestisman nan ti biznis yo. Nou ap kreye pwogram pou elaji Antreprenarya ak mete resous nan ti biznis minorite yo atravè inisyativ ki konekte konpayi ak kapital, fòmasyon, ak sipò.

Gwo pwojè enfrastrikti yo tou tabli fondasyon kwasans lan epi ede atire nouvo biznis, pandan yo ap kreye travay ki va ede fanmi Miami-Dade yo avanse. Nou va akselere yo, finanse yo, epi bay rezidan nou yo opòtinite pou travay ki byen peye.

Mwen ap travay ak lidè endistri pou kreye tou yon ekonomi lokal ki pi rezilyan nan divèsifye sektè nou yo - envesti nan agrikilti, fabrikasyon, teknoloji, finans, elatriye.

Teknoloji, finans ak endistri ekologik pa sèlman vle di pi gwo aksè a travay ki byen peye alavni. Li se tou yon opòtinite patenarya ak innovatè sou kèk nan pi gwo defi nou yo, tankou chanjman klimatik, transpò, mobilite, ak mache abòdab.

Administrasyon mwen an ap fè efò sa yo avanse ansam ak patnè Beacon Council ki te angaje gwo teknoloji ak konpayi finans pou relokalize oswa elaji nan Miami-Dade pandan plizyè ane, avèk dènye siksè gwo lidè tankou Blackstone, REEF, Jumptuit , elatriye. Nou ap travay ansam pou bati sou efò sa yo avèk nouvo momantòm pou pote kwasans alontèm.

Men, nou pa ka rekòlte benefis kwasans sa a san yon apwòch anba-monte – envesti nan moun yo ak biznis ki deja la tankou agrikilti nou an - ki te neglige nan tan lontan, men ki rete yon gwo pilye nan ekonomi nou an e ki merite pi gwo envertisman.

Nou dwe elaji tou fòmasyon mendèv ak aprantisaj. Tout efò pou grandi ekonomi teknoloji nou yo dwe chita nan kolaborasyon ak yon kowalisyon divès nan lidè ki te defann mouvman sa a pandan plizyè ane – pou asire ke kwasans sa a pataje epi divèsite dabò, men se pa yon lide apre.

Pandan ke ti biznis se zo do ekonomi nou an, mendèv nou yo se kè li.

Se pou sa vizyon nou pou kwasans ekonomik dwe gen ladan envertisman serye nan TRANSPÒ ak LOJMAN moun kapab, pou konekte kominote nou yo pi byen ak kreye nouvo opòtinite AK mwayen pou jwenn aksè a yo menm.

Nou bezwen travay ansam nan tout nivo gouvènman an pou reyalize vizyon konplè plan transpò SMART la. Nou va byento avanse sou koridò 20 mil Sid pou konekte rezidan ki nan Florida City nan liy Broward la, pandan ke nou ap byen avanse nan Plan SMART la epi chèche nouvo sous finansman. Mwen vle remèsyé direktè Depatman Transpò ak Travo Piblik ki prale a, Alice Bravo pou travay li kòm yon fòs dèyè aplikasyon Plan SMART la.

Nou bezwen avanse tou viktwa enpòtan a koutèm tankou fè sistèm otobis aktyèl nou an pi efikas nan mete ann aplikasyon rekòmandasyon kominote a sou Rezo Meyè Otobis la.Yon gwo remèsiman pou pou ONG Transit Alliance pou patenarya ou.

Epi nou bezwen yon vizyon laj mobilite ki priyorize sekirite pyeton nou yo ak siklis yo. DTPW fèk fini yon rapò Complete Streets Collaborative, epi nou va kreye Plan Transpò Prensipal pou pyeton.

Kriz mache abòdab nou an se yon lòt liy fay nan fondasyon pou pwosperite.

Se pou sa mwen te kontinye moratoryòm sou degèpisman an, ki te sove lavi nan kenbe moun san danje lakay yo ak anpeche pwopagasyon maladi a e anpeche sanzabri. An menm tan an nou bezwen pwoteje pwopriyetè kay.

Nou jis resevwa 60 milyon dola lajan federal pou fè sa tounen yon reyalite. Sa va ede lokatè ak mèt kay.

Plan pou lojman abòdab kòmanse ak konstriksyon plis inite abòdab ak ogmante pwogram moun ki ap achte pou premye fwa.

Nou ap agresivman pou suiv objektif konstriksyon 10,000 nouvo inite lojman abòdab chak ane, atravè patenarya publik prive nou ap redevlope inite lojman publik - pandan nou ap kreye nouvo opòtinite pou rezidan lojman publik yo vin pwopriyetè.

Direktè Michael Liu ak tout Depatman Lojman Publik ak Developman Kominotè nou an pa sèlman kontinye ebèje ak pran swen tout vilnerab sa yo pandan dènye ane a, men li elajji anpil teritwa li - travay sou 730 milyon dola pwojè lojman ak bay kredi taks pou kay ki gen revni fèb.

Pwopriyetè kay rete yon gwo pilye santral pwosperite. Nou ap revize direktif Pwogram Prè pou Achte Kay la pou fè li pi fasil pou rezidan yo jwenn aksè a fon pou achte premye kay yo.

Pandan dènye ane a, Direktè Egzekitif Economic Advocacy Trust under John Dixon te travay pou fè rèv sa a tounen yon reyalite pou plis fanmi nan bay plizyè santèn prè pou peman davans ak depans asistans pou siyen kontra ipotèk achtè kay premye fwa yo.

Nou te travay ansanm pou kenbe pèp nou an sekirite pou fè ekonomi nou an vanse.

Men nan men ak lidè biznis, vil yo, ak ekspè lasante, nou te lanse yon kanpay mesaj kominotè pou ede anpeche gaye viris la pandan jou ferye yo.

Gras a Direktè Maria Nardi ak ekip li, nou te vin premye sistèm pak nan peyi a ki relouvri apre premye COVID-19 la epi yo te kenbe enstalasyon nou yo louvri pou

rezidan ak vizitè nou yo san danje pou pase tan deyò, espesyalman pandan mwa fèt yo,

Retounen nan rekiperasyon ekonomik konplè dwe gen ladan ranfòsman akreouvèti san danje sektè touris nou an.

Konte Miami-Dade te travay kole kole ak Greater Miami Convention and Visitors Bureau ak CEO Bill Talbert pou ankouraje aktivite deyò ak espas ouvè, e yo kontan pou avanse avèk Pwogram *Miami-Land*, ki va pote anpil atraksyon deyò pou nouvo vizitè nan Konte Miami-Dade yo.

Malgre yon eta ekonomik san parèy, gen gwo viktwa pou selebre apati komès nou ak sektè touris.

Ayewopò Entènasyonal Miami te yon lidè nan kenbe pasaje yo ak ekipaj an sekirite pandan COVID la, e li te premye ayewopò an Florid, dezyèm nan Etazini ak twazyèm nan Amerik di Nò ki te akredite anba yon pwogram nasyonal Airport Health Accreditation.

Ayewopò a ak Pò a bay rekò pou komès kago.

JetBlue ak Sidwès te anonse ke yo ta kòmanse sèvis chak jou nan Miami. Enpak ekonomik sèvis Sidwès la pou kont li prevwa ap jenere plis pase 853 milyon dola revni lokal chak ane epi kreye prèske 7,000 nouvo djòb.

Ekip Pò nou an te konplete nouvo Tèminal Kwazyè B a epi li ebèje Norwegian epi li fè baz pou nouvo tèminal pou konpayi tankou Virgin Voyages and Carnival Cruises - mete baz pou kwasans enpòtan jan nou antre nan rekòmanse an sekirite nan kwazyè, ak kreye plizyè milye travay byen peye. Gen lòt bon nouvèl avèk lòt patnè ki gen pou vini.

Mwen vle remèsyе Direktè Aviyasyon an Lester Sola ak Direktè Pò a Juan Kuryla pou inovasyon yo ak devouman pou kwasans menm pandan tan difisil sa a - nou tout benefisyе de anbyans konpetisyon nan meyè sant vwayaj kominote nou an.

Kòm ou ka wè, nou tout gen yon wòl pou jwe nan bati yon ekonomi ki travay pou tout moun.

---

Petèt pa gen anyen ki pi enpòtan nan ekonomi nou an ak pwosperite nou pase anviwònman presye natirèl nou an.

Ogmantasyon nivo lanmè ak ogmantasyon polisyon ap vale teren. Biscayne Bay te rive byen nan pi wo degré, jan nou temwen retrè enkyetan zèb maren, danjere alg ap fleri, ak touye pwason, sa ki te revele touman sa a.

Wout rekiperasyon pou Biscayne Bay a pral long, e mwen pa pèdi tan pou mete nou sou chemen sa a.

Nan mwa desanm, mwen te pibliye premye Rapò anyèl Konte Miami-Dade Biscayne Bay - ki montre Bay nou an gen pwoblèm. Rapò a, ke nou pral elabore nan yon sit entènèt entèaktif, bay yon zouti enpòtan pou kominike sou pwogrè nou yo pou sove Bay la, ak edike rezidan nou yo sou kijan yo menm tou ka kontribye nan solisyon yo.

Youn nan solisyon enpòtan sa yo se yon plan konplè pou sispann itilize rezèvwa septik yo - espesyalman nan zòn kotyè ki ba ki soufri ak inondasyon kwonik - epi konekte pwopriyete sa yo nan sistèm egou sanitè nou an. Biwo mwen te pibliye dènyèman suivi sou septik a egou ki ap ede nou bay priorite a zòn ki kreye pi gwo enpak polisyon nan Bay la.

Ansanm ak eta Florid nou te lanse yon efò konjwen \$20 milyon dola pou finanse pwojè priorité, repare enfrastrikti ki aje, demare tranzisyon septik ale nan egou, ak plis ankò.

Kòm toujou, kapab mezire siksè nan inisyativ sa yo se yon bagay enpòtan. Depatman Regilasyon ak Resous Ekonomik anba lidèchip Direktè Lourdes Gomez te ede fè sa posib nan devlope yon sistèm enfòmasyon jeyografik inovatè, ki va bay done ak analiz sou bonjan kalite dlo anba tè ak sou sifas yo.

Mwen te trè fyè tou pou nonmen premye Chèf Ofisyè Bay Miami-Dade la, Irela Bague, nan yon nouvo wòl ki ap sipèvize efò nou pou pwoteje ak retabli Bay la. Li va travay ansanm ak depatman konte nou yo ak Chèf Ofisyè Rezilyans la Jim Murley pou asire vitalite anviwònman nou an pou jenerasyon kap vini yo.

Depatman Dlo ak Egou sipòte efò sa yo tou anba Direktè Pwovizwa Josenrique Cueto, ki deplwaye \$480 milyon pou amelyore plizyè enstalasyon tretman dlo izaje pou anpeche polisyon nan Bay a.

Miami-Dade nan premye liy kriz klima mondal la, epi nou pa ka chita akote.

Se pou sa mwen te fyè pou m te alatèt zafè sa a kòm Komisyonè pou akselere enèji pwòp nou pa lavni. Mwen te travay pou ajoute gwo objektif chanjman

klimatik nan Comprehensive Development Master Plan an, tankou rive nan zewo kabòn apati enèji epi kap founi 30% an bezwen enèji nan tout konte nou an pou soti nan enèji solè disi 2030.

Apre sa, mwen konnen nou ka vin san kabòn an 2050. Nou va:

- Ogmante pwodiksyon enèji solè a epi itilize li nan tout Konte an
- Kontinye investi nan rann biling yo pi efikas an enèji e dirab
- Elaji aksè piblik a estasyon rechaje machin elektrik
- Investi nan transpò piblik, ak
- Diminye dechè nou yo.

Mwa pase a, nou te mete an sèvis 420 otobis tou nèf ki mache ak gaz natirèl konprese, epi nou ap kontinye tranzisyon lwen dyezèl la lè nou ranplase yon lòt 140 otobis ki gen pou rive nan prentan sa a.

Premye otobis elektrik nou yo va an sèvis ane sa a pandan nou ap akselere tranzisyon nou a yon transpò a zewo kabòn ak omwen 50% nan flòt otobis ki va elektrik disi 2035.

Nou bezwen tou rasyonalizasyon pèmi ak enfrastrikti ki bon pou anviwònman, dirab, ki rezilyan nan zafè klima.

Se konsa nou va satisfè obligasyon moman sa a sou anviwònman nou an.

---

Epi pandan ke nou investi nan twa pilye sa yo nan EKITE, EKONOMI AK ANVIWÒNMAN, tout travay sa a sipòte pa pi gwo ANGAJMAN ant gouvènman an ak moun nou sèvi - pa delivre yon sèvis gouvènman ki pi konekte, ki gen konpasyon, ak swen.

Pou rezoud pi gwo defi nou yo, nou bezwen yon tab pi gwo ki pote lide ak opinyon moun nou sèvi dirèkteman yo nan pwosesis gouvène a.

NOU KAPAB fè gouvènman an vin pi pre pèp la, epi ansanm nou pral asire ke nou tande rezidan nou epi vwa ou kondwi priyrite nou yo.

Mwen fyè anpil pou m pataje ke Konte a, an patenarya avèk Fondasyon Miami, pral lanse yon nouvo inisyativ angajman sivik nan tout konte a, Thrive305. Efò sa a va angaje dirèkteman moun nan tout kominate a atravè yon sondaj ak yon seri atelye pou enfòme "Plan Daksyon" administrasyon mwen an – yon kad travy kominotè ki soti anba monte. Se konsa gouvènman ta dwe travay, enkòpore opinyon piblik nou sèvi a nan priyrite, politik, ak bidjè nou yo.

Mwen te fè dènyeman premye rankont pliblik mityèl mwen an konsantre sou transpò publik pou rasanble opinyon pasaje transpò publik nou yo, epi espere organize anpil rankont pliblik sou sijè ki gen ladan lojman ak akizisyon.

Se kalite kolaborasyon sa a ki va kle siksè nou. Epi nou ta dwe dekole kote sa déjà pase.

Nou dwe kontinye kolabore ak konpayi, lekòl, ak ONG tankou CareerSource pou fòme mendèv lokal nou yo pou nouvo djòb.

Nou pral kontinye travay men nan men ak anpil moun, anpil ONG, ak organizezasyon kominotè – gen twòp pou site yo - twòp nan non - ki fè nou avanse sou ekite, ekonomi, anviwònman, ak angajman sivik. Mèsi a tout moun ki te gide mwen e ki kontinye gide mwen.

Nou bezwen dyalòg dirèkteman ak lidè biznis AK rezidan yo ki fòme mendèv nou yo. Mwen te fyè dènyèman organize premye somè travayè mwen an, kote lidè travayè yo ak administrasyon mwen an te reyini ansanm pou diskite an sante ak diskisyon ouvè sou ki jan nou ap dekole ak sipòte travayè nou yo ak atake defi ki devan yo.

Depatman Konte nou yo kontinye demontre yon angajman nan sèvis konpatisan ki rekonèt bezwen kominote nou an pandan nouvo nòmal sa a.

Christina White ak depatman eleksyon te voye yon kantite rekò bilten vòt pou vote pa lapòs pou bay rezidan nou yo opòtinite pou patisipe san danje nan pwosesis demokratik nou an, li kraze tout rekò patisipasyon menm pandan yon pandemi mondal.

Depatman Kominikasyon Konte nou an ak Depatman Eksperyans Kliyan anba Direktè Inson Kim te travay san rete depi nan kòmansman pandemi sa a. Yo te non sèlman te bay rezidan nou yo yon vwa sou evantay sèvis mizajou enpòtan sou COVID, men tou, yo te trete yon ogmantasyon 300% demann sèvis pandan rezidan yo te ap pran randevou pou fè tès ak pran vaksen.

Depatman Dechè Solid nou an te evite yon sèl jou dezòd sèvis lè pandemi sa a te mete menm sèvis ki pi fondamantal nou an a risk, e mwen remèsyé Direktè Michael Fernandez pou travay li ki fè sa posib.

Angajman anrasine tou nan konfyans ak transparans. Sa vle di BON ADMINISTRATÈ pa sèlman nan konfyans publik la, men dola publik yo, plis pase tout tan pandan kriz finansye a.

Kreyativite ak kolaborasyon se kle pou asire ke nou itilize chak dola avèk sajès. Nou envesti prèske yon milya dola nan fon federal pou bay sèvis enpòtan, epi avèk kolaborasyon elaji avèk eta a ak novo administrasyon federal la, nou va pote plis resous pou agrandi distribisyon vaksen an epi navege nan dènye chapit sa a.

Mèsi a ekip nan Biwo Jesyon ak Bidjè, ke Direktè Pwovizwa David Clodfelter te dirije, nou te bay peman davans a 140 òganizasyon kominotè ki bay sèvis pandan pandan mon kritik pandemi an.

Depatman Finans nou an anba lidèchip CFO Ed Marquez te ede Konte nou an ekonomize \$391 milyon kontribyab nan refinansman pwoblèm kosyon, redwi peman dèt pou ede nou nan moman difisil sa a.

Gras a Depatman Afè Kiltirèl anba Direktè Michael Spring nou te kreye yon pwogram Sipò pou Aktivite Atistik, ki te ede 280 òganizasyon atistik ak prèske 900 atis nan entèripsyon biznis devastatè ki gen rapò ak pandemi an.

Depatman Sèvis Odit Jesyon anba Direktè Cathy Jackson te travay san pran souf dèyè sèn lan pou kenbe finans Konte a nan lòd tou, amelyore efikasite operasyonèl pou ekonomize \$2 milyon.

### **Angajman vle di tou pou pran swen anplwaye ki ap pran swen ak sèvi kominote nou yo.**

Depatman Teknoloji nou an, anba lidèchip Angel Petisco, te dirije pwogram Konte Miami-Dade nan *travay lakay* li pou kenbe anplwaye yo an sekirite, avèk tranzisyon avèk siksè 7,500 anplwaye nan travay a domisil yo nan sèlman sis semèn. Nou felisite yon lòt fwa Angel sou 41 ane sèvis li e swete l yon bél retrèt.

Gras a Arleene Cuellar ak kreyativite nan Depatman Resous Imèn nou an, nou te devlope tout novo sèvis vityèl pou anplwaye Konte nou yo soti nan Oryantasyon nouvo anplwa jiska zouti " Wellness on the GO".

Nou te kontinye tou pwoteje lavi zanmi kat-janb nou yo, gras a travay Depatman Sèvis Animal nou, ki reyalize sisyèm 90% pou santaj sovtaj konsekitif pou bét nan chèltè nou yo.

---

Epi sètènman, pi gwo angajman dirèk la k ap pase ant rezidan ak ofisyèl ki eli pou reprezante yo. Mwen trè fyè dèské mwen sèvi kominote nou an ansanm ak

panèl antreprenè, aktivis, ak lidè ki fè pati Konsèy Komisyónè Konte Miami-Dade la.

Me enorgullece servir a nuestra comunidad junto con el panel de empresarios, activistas y líderes locales que integran la Junta de Comisionados del Condado de Miami-Dade.

Vis-Prezidan Gilbert ak Komisyónè Keon Hardemon vini nan Komisyón sa a apre yo fin sèvi kòm Majistra Miami Gardens ak Prezidan Komisyón Vil Miami. Toulède ap travay pou amelyore kolaborasyon ant Konte Miami-Dade ak tout 34 minisipalite nou yo.

Komisyónè Jean Monestime pote eksperyans pèsònèl ak vwa yon pwopriyetè ti biznis nan Komisyón nou an, epi li bay bonjan lidèchip sou lojman, devlopman iben ak ekonomik.

Komisyónè Kionne McGhee ak Senatè Rene Garcia pote anpil ane eksperyans yo nan lejislati Florid la nan Sal Deba Konte a, ede enfòme politik nou yo sou kesyon tankou sante, transpò piblik ak bati kolaborasyon nou ak Eta a.

Komisyónè Sally Heyman ak Senatè Javier Souto se te de nan pi gwo chanpyon nou nan pwoteksyon pak, plaj yo, ak katye nou yo, sa ki fè Konte Miami-Dade vin pi abitab pou tout rezidan nou yo. Mèsi tou a Komisyónè Heyman ki alatè kesyon jistis , gen ladan nouvo tribunal.

Lòske se pou Konte Miami-Dade itilize lajan kontribyab avèk sajès, nou ka konte sou Prezidan Jose Diaz ak Komisyónè Joe Martinez kòm vwa larezon. Nou rekonesan tou pou lidèchip yo te bay kominote veteran nou yo ak otorite ki la pou fè respekte lalwa yo.

Komisyónè Danielle Cohen-Higgins ak Raquel Regalado travay avèk tou de bò nan palman an ala rechèch sa ki pi bon ak batay pou pwoteksyon moun ki pi vilnerab nou yo pandan 2 premye mwa yo.

Komisyónè Eileen Higgins te soti nan yon kandida elekson espesyal an 2018 pou li vini yon defansè enpòtan pou transpò piblik, e li kounye a li alatèt transpò, mobilite, katye konekte kote moun ka byen viv.

Ak Komisyónè Rebeca Sosa, ki te defansè timoun nou yo ak granmoun aje yo pou anpil ane, te monte pou dirije yon fwa ankò Komisyón an nan yon peryòd tranzisyon avèk siksè. Nou salye w kòm yon chanpyon nan efò pou konsève Bay la epi adapte a ogmantasyon nivo lanmè yo.

Mwen anvi travay avèk tout Komisyonè nou yo sou nouveau plan yo dekri yè anba nouveau estrikti komite a.

Ansanm, nap kanpe; divize nap tonbe.

Kòm Majistra w, mwen va travay san pran souf pou mete tout moun byen wo pou nou ka bati yon teren dantant pou nou avanse.

---

Nou pa ta isit la jodi a san jenerasyon lidè ki te travay ansanm avèk detèminasyon pou transfòme kominote nou an soti nan tan lontan rive nan yon plas ki sinonim opòtinite ak rezilyans.

Soti nan fondatè tankou Julia Tuttle ak Mary Brickell ki te travay ansanm pou enkòpore vil Miami, jiska lidè tankou Athalie Range, Maurice Ferre, Ruth Shack, Shirley Gibson, Ileana Ros-Lehtinen ak anpil lòt ki pat janm kenbe yon tit.

Pa janm te gen yon defi nou pa t kapab simonte lè nou travay ansanm nan objektif komen.

A la fen de siklòn Andre prèske 30 ane de sa, nou te reyini ansanm pou nou rebati: kay pa kay epi blòk pa blòk.

Nou te reziste ansanm fas a anpil lòt tanpèt, bès ekonomik, ak moman difisil.

**Se pou sa mwen ka di avèk konfyans ke eta konte nou an fò paske moun nou yo fò epi nou rezilyan!**

**Por eso puedo decir con confianza y sin duda que el estado de nuestro condado es fuerte porque nuestra gente es fuerte!**

Se avèk sans istwa sa a ak responsabilite pou travay ki devan mwen ke mwen fyè epi avèk imilite mwen ap sèvi kòm Majistra w - pou kontinye eritaj anpil pyonye ak tout moun, pase ak preznan, ki renmen Miami-Dade epi ki te mete nan suè ak dlo nan je yo pou fè li meyè.

Nou dwe e nou ap kontinye travay sa a ak reponn a defi jounen jodi a avèk menm detèminasyon enplakab la.

Podemos y lo haremos.

Thank you. Gracias. Mèsi

